

DOKUMEN

SANGAT RAHASIA

Nama :

Nomor :



**KELOMPOK KERJA GURU MADRASAH IBTIDAIYAH (KKGMI) VII KAB. DEMAK
PENILAIAN AKHIR TAHUN (PAT) MADRASAH IBTIDAIYAH
TAHUN PELAJARAN 2018 /2019**

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa	Hari/Tanggal : Sabtu, 25 Mei 2018
Kelas : V (lima)	Waktu : 07.00 – 08.30 WIB

I. Wenehana Tandha Ping (X) ing Aksara A, B, C, UTAWA D Sing Dianggep Bener !

Wacanen cerita ing ngisor iki!

Mudik Lebaran

Saben tahun nyedaki dina riaya Idul Fitri, akeh wong sing bali ing kota kelahirane dewe-dewe saka perantauane. Pada bali kepengen ketemu karo keluargane dewe-dewe. Kegiatan kaya ngono kui iku istilane diarani mudik. Wong-wong pada mudik gunakake piranti transportasi apa bae, saka montor, bus, kereta, kapal utawa montol mabur. Saking akehe wong seng pada mudik, dalan-dalan pada macet. Apa meneh pas wes nyedaki dina riaya kurang seminggu. Akeh wong sing mudik asale saka kutha-kutha gedhe, kaya Jakarta, Surabaya, Bandung, Semarang lan lia-liane. Dina riaya Idul Fitri bisa dadi wektu sing pas kanggo kumpul karo keluargane dewe-dewe, ing wektu iku biasane wong-wong sing pada kerja oleh liburan rada suwe. Dadi iso dimanfaatke kanggo silaturahmi mbi kabeh keluargane sing ana desa-desa.

1. Apa irah-irahan cerita ing dhuwur?
 - a. Lebaran
 - b. Mudik
 - c. Mudik Lebaran
 - d. Riaya Idul Fitri
2. Kang kalebu alat transportasi kanggo mudik, kejaba
 - a. Becak
 - b. Montor
 - c. Kapal
 - d. Kereta
3. Apa tujuane wong-wong pada mudik?
 - a. Kepengen dodolan nang desane
 - b. Kepengen liburan pas wektu Idul Fitri
 - c. Kepengen silaturahmi karo keluargane
 - d. Kepengen numpak montor mabur
4. Kenapa nyedaki wektu Idul Fitri dalan-dalan gedhe pada macet?
 - a. Amarga akeh wong kang liburan
 - b. Amarga akeh wong kang dodolan
 - c. Amarga akeh wong kang padha mudik
 - d. Amarga akeh wong kang luru keluargane
5. Ing ngendi tujuane wong-wong padha mudik iku?
 - a. Ing panggonan liburan
 - b. Ing panggon kerjane
 - c. Ing dalan-dalan
 - d. Ing kutha kelahirane
6. Perange Pandhawa lan Kurawa yaiku arane
 - a. Ramayana
 - b. Baratayuda
 - c. Baratayana
 - d. Dhawakura

7. Prabu Dewatacengkar iku ratu ing
- Ngastina
 - Madukara
 - Medhangkamulan
 - Jodhipati
8. Padaringan iku wadah kanggo nyimpen
- Duwit
 - Beras
 - Gabah
 - Piring
9. Aksara Jawa iku jumlahe ana
- 28
 - 15
 - 10
 - 20

10. ຍາມາດີ ຫາກື່ນ ແບບບາເຫຼີ

- Unine ukara ing dhuwur yaiku
- Macan mangan kidang
 - Mangan karo kupat
 - Macan anake papat
 - Macan sikile papat

11. Bapak lunga Semarang
Yen ditulis Jawa dadi

a. ແກບລາງ ແກ້ມຍາກ

b. ແກບລາງ ແກ້ມລາກ

c. ແກບລາງ ແກ້ລາຍາກ

d. ແກບລາງ ແກ້ມຍາກ

12. Budi lagi lara demam, wonge krasa cenut-cenut.
Sing cenut-cenut yaiku

- Pundhake
- Bathuke
- Wetenge
- Sikile

13. Andi kui bocah seng ora sopan, wonge ora gelem pamitan. Arep dolan langsung lunga ...

- Ceg
- Dhor
- Klepat
- Bles

14. Piranti kanggo babat suket lan pari yaiku

- Pacul
- Parang
- Kampak
- Arit

15. Tembung apik iku pada tegese kalian

- Ala
- Seneng
- Remen
- Becik

16. Bengi iki rembulane katon bunder. Langite dadi katon padang
- Jluwang
 - Njingglang
 - Dluwang
 - Abang
17. Tembung ing ngisor iki sing ora kalebu dasanamane angin yaiku
- Bajra
 - Hawa
 - Bayu
 - Surya
18. Sirahe Pak Darman gundhul tanpa
- Topi
 - Wulu
 - Rambut
 - Buntut
19. Kencur, jahe, kunyit iku kalebu tanduran
- Palawija
 - Empon-empon
 - Palagumantung
 - Palakesimpar
20. Penggaweane - sopir – dados – Heri – sakniki
Urutan tembung-tembung kang bener yaiku
- Penggaweane sopir sakniki dados Heri
 - Heri dados sopir penggaweane sakniki
 - Dados Heri penggaweane sakniki sopir
 - Heri sakniki penggaweane dados sopir
21. Pakdhe uwis ngombe banyune
Yen dikramake dadi
- Pakdhe sampun ngombe banyunipun
 - Pakdhe sampun ngunjuk toyanipun
 - Pakdhe sampun mundut yatranipun
 - Pakdhe sampun nyambut yatranipun
22. Woh jati arane
- Karuk
 - Besusu
 - Janggleng
 - Kolang-kaling
23. Rani iku nek mlaku banter, nanging nek Dini iku mlakune alon kaya
- Sepur
 - Kilat
 - Keyong
 - Kucing
24. Pak Danu wes wegah ngomongi Adi, amerga Adi kui bocah sing kaku atine.
Kaku atine iku artine
- Gampang nesu
 - Angel dikandani
 - Seneng bantah
 - Ora gelem ngomong
25. Piranti ing ngisor iki sing ora kalebu gamelan yaiku
- Gambang
 - Gong
 - Biola
 - Saron

II. Isenana ceceg-ceceg ing ngisor iki, kanthi jawaban kang trep !

26. Jun iku wadah kanggo golek
27. Woh aren arane
28. Cerita kancil lan baya iku kalebu cerita
29. Panganane kurang enak, mergane anyep tanpa
30. Semar iku juga nduwe jeneng liya arane ki lurah

31. Biyung, mbok, umi, indhung iku dasanamane
32. Wong kang penggaweane ngladeni ing montor mabur arane
33. Banyu sumure bening kaya
34. Bu Sinta iku wong sing dawa ususe, kena cobaan apa wae tetep bersyukur.
Dawa ususe iku tegese
- 35.



Unine yaiku

C. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi patitis !

1. Jelasake kagunaane piranti-piranti ing ngisor iki!

- a. Sapu
- b. Ganco
- c. Cething
- d. Wajan

Jawab :

.....

2. Golekana tembung kang pada tegese karo tembung ing ngisor iki!

- a. Dhawuh
- b. Seneng
- c. Elek
- d. Kanca

Jawab :

.....

3. Golekana tegese tembung entar ing ngisor iki!

- a. Bening atine
- b. Jembar segarane
- c. Entheng tangane

Jawab :

.....

4. Ukara ing ngisor iki dadekna krama alus!

- a. Apa kowe wes mangan segane, Pak?
- b. Pie kabare bapak mbi ibu nang omah saiki?

Jawab :

.....

5. Tulisen nganggo aksara jawa :

- a. Cah sekolah kudu sinau sing tenanan
- b. Yen sregep sinau bakal dadi pinter


Jawab :

.....

**KUNCI JAWABAN SOAL ULANGAN KENAIKAN KELAS
BAHASA JAWA KELAS 5 MI**

A. JAWABAN

1. c. Mudik Lebaran
2. a. Becak
3. c. Kepengen silaturahmi karo keluargane
4. c. Amarga akeh wong kang padha mudik
5. d. Ing kutha kelahirane
6. b. Baratayuda
7. c. Medhankamulan
8. b. Beras
9. d. 20
10. d. Macan sikile papat
11. d.



12. b. Bathuke
13. c. Klepat
14. d. Arit
15. d. Becik
16. b. Njingglang
17. d. Surya
18. c. Rambut
19. b. Empon-empon
20. d. Pak Heri sakniki penggweane dados sopir
21. b. Mbah kakung sampun ngunjuk toyanipun
22. c. Janggleng
23. c. Keyong
24. b. Angel dikandani
25. c. Biola

B. JAWABAN

1. Banyu
2. Kolang-kaling
3. Dongeng
4. Rasa
5. Badranaya
6. Ibu
7. Pramugari
8. Kaca
9. Sabar banget
10. Seneng kekancan

C. JAWABAN

1. Kagunaane piranti-piranti ing ngisor iki :
 - a. Sapu = Piranti kanggo ngesiki latar
 - b. Ganco = Piranti kanggo nduduk lemah
 - c. Cething = Piranti kanggo wadah sega
 - d. Wajan = Piranti kanggo nggoreng-nggoreng
2. Goleki tembung kang pada tegese :
 - a. Dhawuh = Ngendika
 - b. Seneng = Remen
 - c. Elek = Ala
 - d. Kanca = Bala
3. Goleki tegese tembung entar :
 - a. Bening atine = Sumeh
 - b. Jembar segarane = Jembar / gampang ngapurane

